# NO’KISTE PREZIDENT MEKTEBI ASHILDI

Usı jıl 11-dekabr kúni Nókiste Prezident mektebiniń ashılıw saltanatı boldı.
Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarınıń mámleketlik gimnleri jańladı.
Ilajda Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Erniyazov jıynalǵanlardı Prezident mektebiniń ashılıwı menen Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesiniń atınan qutlıqladı.



Atap ótilgenindey, Prezidentimiz tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikasında barlıq tarawlar sıyaqlı bilimlendiriw tarawın rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Respublikamızda Ózbekstan mámleketlik denetárbiya hám sport universitetiniń, Nawayı kánshilik institutınıń, Samarqand veterinariya medicinası institutınıń Nókis filiallarınıń ashılıwı, Tashkent

pediatriya medicina institutınıń Nókis filialına 75, Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutına 25 studenttiń kvota tiykarında qabıl etilgenligi bunıń ayqın dáliyli bolıp tabıladı. Bunnan tısqarı, bıyılǵı jıldıń ózinde 21 ulıwma bilim beriw mektebiniń jańadan shólkemlestirilip, mekteplerdiń materiallıq-texnikalıq bazasın hám infrastrukturasın jaqsılaw ushın jergilikli byudjetten 150 milliard sum qarjı ajıratıldı.



Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev orınlarda ámelge asırılıp atırǵan reformalar, dóretiwshilik jumısları, iri joybarlar menen tanısıw maqsetinde 2018-jıldıń 15-16-noyabr kúnleri respublikamızǵa saparı waqtında barlıq tarawlar sıyaqlı bilimlendiriwge de ayrıqsha itibar qaratıp, elimizdiń hár bir aymaǵında birewden jańa tiptegi Prezident mekteplerin shólkemlestiriw, bul jumıstı Qaraqalpaqstannan, Nókis qalasınan baslawdı usınıs etken edi. Elbasshımızdıń 2019-jıl 20-fevral kúngi «Prezident mekteplerin shólkemlestiriw ilajları haqqında»ǵı qararı tiykarında búgingi kúni Tashkent, Namangan, Xiywa qalalarınan keyin Nókis qalasında Prezident

mektepleri ashıldı.



Ilajda sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Prezidenti keńesgóyiniń birinshi orınbasarı A.Sadullaev, Prezident, dóretiwshilik hám qánigelestirilgen mekteplerdi rawajlandırıw agentliginiń direktorı S.Babaxodjaev hám basqalar shıǵıp sóylep, elimiz basshısınıń baslaması menen bilimlendiriw tarawın reformalaw, qábiletli balalardı qollap-quwatlaw, olar ushın sharayatlar jaratıw baǵdarında ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli jumıslarǵa toqtap ótti.
Mekteptiń birinshi qońırawı qaǵılıp, dáslepki sabaqlar baslandı.
Prezident mektebiniń qurılısı ushın jergilikli byudjet esabınan 67 milliard sum qarjı ajıratıldı. Atap aytqanda, zamanagóy joybar tiykarında 168 orınǵa mólsherlengen eki qabatlı oqıw imaratı, usınsha orınǵa mólsherlengen úsh qabatlı jataqxana, barlıq qolaylıqlarǵa iye miymanxana, sport zalları, basseyn, asxana, sabaq tayarlaw xanaları oqıwshılardıń xızmetinde boladı. Barlıq zárúr inventarlar Qıtay Xalıq Respublikası hám Túrkiya mámleketinen alıp kelindi.

Mektepte oqıw procesi qaraqalpaq, ózbek tillerinde, sonday-aq, «STEAM» bilimlendiriw bağdarlaması tiykarında alıp barıladı. Matematika, fizika, ximiya, biologiya hám málimleme texnologiyaları pánleri ingliz tilinde oqıtıladı. Jergilikli oqıtıwshılır menen bir qatarda Keniyadan, Ullı Britaniyadan hám Qubla Afrikadan segiz tájiriybeli qánige mirát etildi.
Bıyılğı jılı mektepke 7500 oqıwshı hújjet tapsırğan bolsa, sonnan «júzden júyrik, mıńnan tulpar» degenindey, Kembridj universitetiniń xalıqaralıq imtixan bóliminiń tájiriybeli qánigeleri tárepinen 144 oqıwshı tańlap alındı. Hár bir klassta eki toparğa bólingen halda 12 oqıwshıdan jámi 24 oqıwshı bilim aladı.
Ilaj qatnasıwshıları Prezident mektebinde oqıwshılar ushın jaratılğan sharayatlar menen jaqınnan tanıstı.





